Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогика институты

«Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими»
кафедрасы

Тарийх факультетиниң «Миллий ғәрезсизлик идеясы,
ҳуқық ҳәм руўхыйлық тийкарлары» бакалавр тәлим бағдары
4 «б» курс студенти Тулепова Муҳаббат Шарафовнаның

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

Тема: «Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият –
жеңилмес күш» шығармасын оқыўшы жаслар
санасына сиңдириў усыллары»

Илимий басшы: ф.и.к. А.Муратбаева

Кафедра баслығы: академик Ж.Базарбаев

Нөкис - 2011

Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» шығармасын оқыўшы жаслар санасына сиңдириў усыллары

Жоба:

Кирисиў

I. Тәлим процессинде Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабының мазмунын үйрениўдиң илимий-теориялық мәселелери

1.1. Мәнаўият диалектикасы

1.2. Өзликти аңлаўға шақырық

1.3. «Ғалаба мәдения৳» қәўпи ҳәм оған қарсы гүресиў зәрүрлиги

II. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабының мәнис-мазмунын ҳәм әҳмийетин оқыўшылар қәлби ҳәм санасына синдириўдиң методикалық мәселелери

2.1. Шығарманы үйрениў процессинде дөретиўшилик орталықты қәлиплестириў усыллары

2.2. Шығарманы үйрениў процессинде интерактив усыллардан пайдаланыў

Жуўмақлаў

Әдебиятлар

## Кирисиў

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият - жеңилмес күш» китабы улыўма дүзилиси, мәнис-мазмуны, аңлатыў усылына көре әпиўайы ҳәм рәўан тилде, кең оқыўшы қәўим ушын мөлшерлеп жазылған шығарма болып табылады. Соның менен бирге ол темасы, ортаға қойылған машқала ҳәм мәселелер, изертлеў объекти, илимий-теориялық өзгешеликлери көз-қарасынан оғада кең қамраўлы, қурамалы ҳәм көп қырлы, соның менен бирге өзине тән қунлы шығарма екенин көп ғана мысаллардан көриў мүмкин.

Соны айтып өтиў керек, инсанның тек ишки әлеми ғана емес, бәлким жәмийет ҳәм мәмлекет турмысы менен байланыслы социаллық-сиясий искерликтен баслап, оның шахсий турмыс тәризи, ҳәрекет ҳәм умтылысларын қамтып алатуғын мәнаўият қубылысының өзи усы пайытқа шекем илим-билимде терең ҳәм фундаментал тийкарда ашып берилип, изертленбеген. Белгили болғанындай, Шығыс ҳәм Батыс әлеминде мәмлекет яки жәмийет, әдил ҳүкимдар, халық ҳәм миллет, дүньяның өткиншилиги ҳаққында, инсан ҳаққында, экономика, философия, мәденият, әдебият ҳәм искусство ҳаққында – қулласы адамзаттың тәғдирине тиккелей байланыслы болған мәселелер бойынша көплеген фундаментал шығармалар жаратылған. Лекин мәнаўият феноменин дүньялық көз-қарастан, илимий ҳәм әмелий жақтан ҳәр тәреплеме анализлейтуғын жетик шығарманың бизде усы пайытқа шекем жаратылмағаны әйне ҳақыйқат. Бул ҳаққында сөз еткенде, бунның бир неше социаллық-тарийхый, илимий-теориялық сабақлары бар екенин атап өтиў орынлы.

Бириншиден, инсан өмириниң ажыралмас бөлеги болған, оның ушын суў ҳәм ҳаўа сыяқлы турақлы зәрүрликке айланып кеткен мәнаўият қубылысы хеш қашан ҳәзирги күндегидей қәўип астында қалмаған еди. Бүгинги күнде мәнаўиятқа қарсы қаратылған қәўип ҳәм қәтерлер – бул ең дәслеп инсаниияттың өзине қарсы қаратылған кескин

қәуип ҳәм агрессия екени барған сайын аян болып бармақта. Бул қәтерлердиң қаншелли қорқынышлы екенин ашып бериў ушын адамзат өз ақылын таныған заманлардан баслап мысқаллап топлап, асырап-абайлап киятырған илаҳий нәмет – мәнаўияттың ҳаслы мәнис-мазмунын көрсетиў, анализлеў оғада өткир зәрүрликке айланбақта. Өйткени адамзат өз өмирин, өзиниң қүдирети, ақыл-зәкаўаты менен жаратқан уллы цивилизация табысларынан ҳәзирги ўақытта өз қол астында болған жаппы қырған қураллары яки әпиўайы наданлық себепли жүз бериўи мүмкин болған технологиялық, экологиялық апатшылықлар, мораллық бузылыўлар арқалы айрылып қалыўы ҳеш гәп болмай қалды. Бундай апатшылықлардың алдын алыў ушын инсаниятты хабардар етиў, әўели оның мәнаўий-психологиялық дүньясын оятыў шешиўши әҳмийетке ийе болмақта.

Екиншиден, биз 70 жылдан зыят ўақыт даўамында материя ҳәм материаллық қәдириятлар тийкарғы орынға қойылған, руўхый турмыс итибарға алынбаған атеистлик дүзимди ҳәм оның трагедияларын бастан кеширдик. Солай екен, мәнаўияттың инсан ҳәм жәмийет турмысында қандай әҳмийетли орын тутатуғынлығы, бул мәселеге итибар бермеў қандай қайғылы ақыбетлерге алып келиўи мүмкинлигине турмыстың ашшы тәжирийбелери тийкарында исеним пайда еттик. Енди мине усы өтмиш сарқытларынан қутылып, сап миллий өзлигимизге қайтып атырғанымыз, өзимиздиң ийгиликли мақсетлеримизге ерисиў, ҳәр қыйлы қәуип ҳәм топылысларға беккем қарсы турыў жолында мәнаўияттан қүдиретли қурал сыпатында пайдаланыў зәрүрлиги ең дәслеп бул қубылысты ҳәр тәреплеме түсиниў ҳәм аңлаўды күн тәртибине әҳмийетли ўазыйпа етип қойғаны тәбийий, әлбетте.

Үшиншиден, мәнаўият қубылысына ҳалыс ҳәм ҳаққаный баҳа бериў, оның жәмийет ҳәм мәмлекет турмысындағы орны ҳәм ролин ҳәр тәреплеме терең ашып бериў ушын инсан бул феноменди ҳәмийше өз өмириниң үстинликке ийе қәдирияты сыпатында улығлап келген уллы

халық ҳәм миллетке тийисли болып әне усы муқаддес зәмийннен азықланып жасаған болыўы айрықша әҳмийетке ийе болады. Өйткени, халқымыздың ақыл-ойында мәнаўият сөзи оғада үлкен ҳәм көп қырлы мәниске ийе болып, оның менен байланыслы социаллық мазмуны ҳәм әмелий искерлик өлшемлери турмысымыздың барлық тараўларын белгилейди ҳәм бул түсиниктиң мәнисин ашып бериў ушын тийкар бола алады.

Төртиншиден, мәнаўияттың қурамына киретуғын инсаныйлық, әдатат, ҳақыйқат, ҳадаллық, меҳир-ақыбет, ўападарлық ҳәм садықлық, дин-диянат, дәстүрлер ҳәм қәдириятлар ҳаққында жаңадан-жаңа шығармалар жаратылмақта. Лекин олардың барлығын өзинде бирлестиретуғын инсан ҳәм халық мәнаўияты ҳаққында бир пүтин шығарма жазыў, оның өзгешеликлери ҳәм белгилерин ашып бериўге ҳәр қандай адам да батыллық қыла алмайды. Қалаберсе, көпшилик усы пайытқа шекем мине усы үстиртин қубылыслардың өзи де мәнаўиятты сәўлелендиреди, мәнаўияттың не екенин солардың тымсалында билип алыў мүмкин, солай екен, бул кең көлемли түсиникти арнаўлы изертлеў шәрт емес деген бир жақлама көз-қарас пенен шекленип жүрген еди.

Бесиншиден, мәнаўиятты ҳәмме де сезиўи мүмкин. Лекин оғада нәзик ҳәм қурамалы болған бул қубылысты турақлы ҳәм үзликсиз ҳәрекеттеги процесс сыпатында ҳәр тәреплеме түсиниў, басқаларға да илимий ҳәм турмыслық тийкарда түсиндирип бериў ушын өз алдына таярлық, тәжирийбе, арнаўлы билим, терең ой ҳәм заман талапларын өзине сиңдирип алған инсаный қәлб болыўы керек деп ойлаймыз. Өйткени, дәўир руўхы, заман талаплары, социаллық прогресс принциплери ҳәм инсанията раўажының ҳәрекетлендириўши күшлери терең аңлап алынғанда миллет ҳәм жәмийет тәғдирине үлкен тәсир көрсетиўши машқалалар шешимин беретуғын оғада әҳмийетли шығармалар дүньяға келетуғынлығы тарийхый ҳақыйқатлық болып табылады.

Мине усы ҳәм усыған уқсас басқа да көплеген объектив ҳәм субъектив факторлар жәмленгенде ғана мәнаўият қубылысын терең анализлеў ҳәм соның тийкарында бүгинги ҳәм ертеңги күнимиз ушын оғада маңызлы сабақ ҳәм жуўмақлар шығарыў мүмкин екенлигин «Жоқары мәнаўият - жеңилмес күш» китабы айқын дәлиллеп тур.

Питкериў қәнигелик жумысымыз темасының актуаллығы улыўма билим бериўши мектеплерде оқытылатуғын «Әдепнама», «Ўатан туйғысы», «Миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм руўхыйлық тийкарлары» пәнлериниң оқыў бағдарламалары 2010-жылы Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабы мазмунын сиңдириў көз-қарасынан оптималластырылып қайта тастыйықланды ҳәм бүгинги күнде ол тийкарында оқытылып атырғанлығы менен де тиккелей байланыслы. Бирақ оптималластырылған оқыў бағдарламалары ҳәм мәмлекетлик билим стандартларына тийкарланған сабақлықлардың еле баспадан шықпағанлығы оқытыў процессинде бир қатар машқалаларды келтирип шығармақта. Усы көз-қарастан питкериў қәнигелик жумысында көтерилген мәселелер, пикирлер улыўма билим бериўши мектеплерде шығарманы үйрениў мәселесинде методикалық жақтан жәрдем болады деп ойлаймыз.

Питкериў қәнигелик жумысымыздың тийкарғы мақсети Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» шығармасын оқыўшы жаслар санасына сиңдириўдиң илимий-теориялық, методикалық мәселелерин изертлеў болып табылады. Усы мақсеттен келип шығып төмендеги ўазыйпаларды белгиледик:

- шығармада мәнаўияттың мәнис-мазмунының, инсан ҳәм жәмийет турмысында әҳмийетиниң ашып берилиўин үйрениў;

- Президентимиз И.А.Каримов тәрепинен өзликти аңлаў ҳаққындағы пикирлерин, көз-қарасларын ашып бериў;

- «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабында миллий рууxый мийрасларымыз, қәдириятларымызға мүнәсибеттиң мәнис-мазмунын, әҳмийетин көрсетиў;

- «ғалаба мәдeният» қәўпи ҳәм оған қарсы гүресиў зәрүрлигин ашып бериў;

- шығарманы үйрениў процессинде дөретиўшилик орталықты қәлиплестириў усылларын анализлеў;

- шығарманы үйрениў процессинде интерактив усыллардан пайдаланыў имканиятларын көрсетиў.

## I. Тәлим процессинде Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабының мазмунын үйрениўдиң илимий-теориялық мәселелери

### 1.1. Мәнаўият диалектикасы

Инсанды, оның қәлбин түсиниў қаншелли қыйын болса, мәнаўиятты түсиниў де соншелли қыйын ҳәм мүшкил ис. Өйткени, тамшыда қуяш сәўлеленгениндей, инсан қәлбинде пүткил әлем өзиниң барлық қурамалылығы, рәң-бәрең қырлары, қайшылық ҳәм қарама-қарсылықлары менен жәмленеди.

Соны айтып өтиў керек, «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабында оқыўшыны «мәнаўият» деп аталатуғын мине усы сырлы әлемге алып киретуғын жол ҳәм усыл, сырлы гилт табылған. Бул – автордың инсанға, өз халқына, оның уллы мәнаўиятына, журтымыз жасларына болған меҳри ҳәм муҳаббаты, оларды асырап-абайлаў, бахытлы ҳәм саадатлы болғанын көриў арзыўы. Автор инсанды инсан қылатуғын, оны руўхый жоқарылатып, уллы ислерге шақыратуғын теңсиз күш - мәнаўиятқа тийкарланған ҳалда, өз журтын және де абат ҳәм пәраўан етиў, оның жарқын келешегин тәмийнлеў, бул зәмийн перзентлерин ҳеш кимнен кем болмайтуғын инсанлар етип тәрбиялаў ҳаққында қайғырыўды өз көз-қараслары ушын ең әҳмийетли негиз деп биледи. Мине усындай өлшем тийкарында пикир жүргизеди ҳәм «Мәнаўиятты түсиниў, аңлаў ушын әўели инсанды түсиниў, аңлаў керек» деген ҳаққаный жуўмаққа келеди.

Китаптағы барлық бап ҳәм бөлимлер автор тәрепинен илгери сүрилген мине усы қағыйда, яғный «Мәнаўиятты түсиниў – инсанды түсиниўдур» деген принципке тийкарланады. Бир сөз бенен айтқанда, мәнаўият ҳәм инсан мәселеси китаптың бас идеясын, тийкарғы мәнис-мазмунын қурайды.

Автор өз халқының бүгинги ҳәм ертеңги өмири ҳәзирги пайытта дүньяның қандай жолдан барыўы, қандай раўажланыўына байланыслы

екени, яғный жеке факторлар өз-өзинен улыўмалық факторлар анализин талап етеўин терең сезинеди. Сонлықтан тек өз халқы ҳәм Ўатаны ғана емес, бәлким пүткил инсанияттың тәғдири ҳәм келешеги оны тәшўишленлиреди.

Шығармада бүгинги күнде дүнья көлеминде көзге тасланып атырған позитив процесслер менен бир қатарда гейпара унамсыз тенденциялар ҳаққында пикир жүргизер екен, автор өзин қыйнайтуғын сораўларға адамзаттың көп мыңжыллық тарийхынан, ата-бабалар мийрасынан, әййемги қәдирият ҳәм дәстүрлерден жуўап табады. Усылай етип мәнаўият мәселесин ҳәм тарийхый, ҳәм заманагөй тийкарда кең анализлейди, зәрүр сабақ ҳәм жуўмақлар шығарады. Мине усындай терең бақлаўлар тийкарында турмыстағы көп ғана шийеленискен жумбақлар мәнаўиятқа надурыс мүнәсебет, мәнаўий пәзийлетлерден ажыралып қалыў, бул уллы байлықты ҳәр қыйлы себеплер менен қолдан шығарып алыў нәтийжеси екенлигин, адамзат мәнаўиятсыз пәсликке қарай жол алатуғынлығын ҳәр тәреплеме терең тийкарланып береди. Соның менен бирге бүгинги күнде адамзат алдында кескин болып турған бири-биринен қәўетерли машқалалардың шешими де инсанның өзинде – оның жеңилмес күш болған мәнаўиятында деген жуўмаққа келеди.

Белгили болғанындай, ҳәзирги илим-билимде системалы жантасыў, системалы анализ деген изертлеў ҳәм ойлаў усыллары үстин есапланып, айрықша қәдирленеди. Сонысы дыққатқа сазаўар, «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабы мине усы илимий принциплер тийкарында жаратылған. Мысалы, шығармада «мәнаўият», «миллий идея», «қәдирият», «глобалласыў», «мәнаўий мәртлик» киби бир қатар түсиниклер ҳаққында сөз жүргизилер екен, әўели олардың илимий тәрийпи, соңынан усы қубылыслардың инсан, мәмлекет, жәмийет турмысындағы орны ҳәм әҳмийети, олардың өзине тән ҳәм қарама-қарсылықлы тәреплери баян етиледи, тарийхтан ҳәм бүгинги күннен,

халқымыз ҳәм басқа миллетлер өмиринен анық мысаллар келтириледи. Яғный, автордың пикирлеў тәризи әпиўайы турмыслық түсиниклерден қурамалы улыўмаадамзатлық процесслерге қарай өсип, раўажланып, көз-қараслардың қамраўы оғада кеңейип бара береди. Ўоқыўшы да бул процесслердиң қатнасыўшысына айланып, китапты оқыўдан руўхый байып, дүньяға көз-қарасы кеңейеди, мәнаўият деген теңсиз қудираттиң күши ҳәм тәсирин өз денесинде, ҳәр бир клеткасында сезингендей болады.

Жәнe бир әҳмийетли өзгешелиги соннан ибарат, автор ҳәр бир түсиниктиң диалектикалық мәнис-мазмунын ашыўға – оның себеп ҳәм ақыбетин, ҳәм унамлы, ҳәм унамсыз қырларын анализлеп, бир пүтин көринисин көрсетиўге ҳәрекет етеди.

Әсиресе, китапта инсан ҳәм мәнаўият түсиниги өз-ара диалектикалық байланыслылықта анализленгенлигин айрықша атап көрсетиў орынлы. Автор мәнаўияттың инсан, жәмийет, мәмлекет турмысындағы теңсиз орны ҳәм әҳмийети ҳаққында пикир жүргизер екен, оны идеалластырмайды. керисинше, бул мәселе менен байланыслы қарама-қарсылықлы аспектлерди де ҳаққаный тәризде атап өтеди. «Тән алыў керек, жоқары мәнаўий түсиниклер менен жасаўға ҳәрекет еткен адамның бүгин де көп машақатларды, аўыр сынақ ҳәм тосықлар, машқалаларды жеңип өтиўине туўра келеди, - деп уқтырылады китапта. - Егер итибар берсек, тилимизде ҳадаллық ҳәм нәпәклик ҳаққындағы ибратлы ҳикметлер менен бирге «Жолын тапқан болса, рәҳәтин көрсин», «Жүзимин жең де, бағын сорастырмаң» деген мақаллар да барлығынан көз жумып болмайды. Әлбетте, бундай нақыл-мақаллар бийкарға пайда болмаған, олар да белгили бир ҳақыйқатлықтың көриниси. Солай екен, биз турмыстың мазмун-мағанасын усылай түсинип, усы тийкарда жасаўға умтылатуғын адамлар да барлығын бийкар ете алмаймыз»[1].

[1] Каримов И.А. Юксак маънавият –енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. 21-бет

Автор инсанлар қаншелли ҳәр қыйлы ҳәм бийтәкирар болса, олардың мәнаўий әлеми де соншелли рәң-бәрең ҳәм қурамалы екенин тән алады. Гейде адамлар таяныпжасайтуғын мәнаўий өлшемлер де бир-бирине пүткиллей қарама-қарсы болыўы ҳаққында пикир жүргизер екен, былай деп жазады: «Мине усындай еки түрли көз-қарас тийкарында пайда болатуғын аўыр employee сораўлар адамзат саналы жасай баслаған заманлардан берли оны ойландырып, қыйнап келеди. Турмыстың мәнисин аңлап жетиўге өз өмири, билим ҳәм талантын бағышлаған не-не уллы инсанлар, билимли философлар, данышпан ҳәм әзиз-әўлийелер, миллети, тили, динине қарамастан усы сыяқлы қыйын машқалаларға жуўап табыў ушын изленген, бул темада қаншадан-қанша шығармалар жаратқан. Лекин бул саўал бүгинги күнде де еле де өткир ҳәм актуал болып қалып отырғанын бийкарлап болмайды»[1].

Басқаша айтқанда, бул өмир тек мәнаўиятты тек жақсылықтан ибарат деп билетуғын инсанлардан ибарат емес. Тилекке қарсы, өзиниң нәпәк, қыңыр-қыйсық ислерин ҳәм мәнаўий жақтан ақлап, тек ғана жеке мәп тийкарында жасамақшы болған адамлар да аз емес. Автор бизди әне усындай инсанлардан қырағы етеди. Мәнаўият әне сондай күшлердиң мәпине емес, жоқары мақсетлерге хызмет етиўи кереклигин атап өтеди.

Китапта материаллық ҳәм мәнаўий әлемниң байланыслылығына да диалектикалық көз-қарастан баҳа бериледи: «… ең дәслеп соны айтыўымыз керек, бул әййемги дүнья, биз жасап атырған өмир бирден-бир, тутас бир турмыс қубылысы болып табылады. Солай екен, материаллық зәрүрликлерди инсанның руўхый дүньясына қарама-қарсы қойыў, олардың биреўин үстем деп билген ҳалда, тиришиликтиң тийкарғы мақсети сыпатында қабыл етиў қандайдур бир тәреплеме көз-қарас көриниси, деп айтсақ, қәте болмайды»[2].

Соны айтыў керек, мәнаўият пенен байланыслы басқа көплеген машқалалар қатарлы бул орнында-материаллық ҳәм мәнаўий әлемниң өз-

[1] Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. 23-бет
[2] Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. 67-бет

ара тығыз байланыслылығы мәселесине ҳәм инсанды түсиниў, инсанды изертлеў арқалы жантасылады: «инсан өз тымсалында ҳәм материаллық, ҳәм руўхый өзгешелик және пәзийлетлерди жәмлеген кемнен-кем дөретпе, Жаратқанның уллы ҳәм сырлы әжайыбаты болып табылады. Соның ушын да оның ишки дүньясы, оған берилген пәзийлет ҳәм қәсийетлерди ақырына дейин аңлап жетиў, түсиниўдиң өзиде оғада қурамалы бир мәселе»[1].

Ҳақыйқатында да материаллық ҳәм мәнаўий әлем инсан тымсалында бирлеседи.

Шығармада мәнаўиятқа тән және бир айрықша мәселениң диалектикалық әҳмийети, яғный бул қубылыс қаншелли универсал – пүткил адамзатқа тән болса, бир ўақытта соншелли индивидуал ўақый екени де ашып бериледи. Сол тийкарда «Жер жүзинде қанша инсан, қанша тәғдир болса ҳәр бириниң өзиниң  руўхый дүньясы бар»[2] деген жуўмақ шығарылады.

Белгили болғанындай бүгинги натыныш дүньяда инсаният басына қәўип салып турған глобал қәўиплер күшейип бармақта. Бул – ядролық, химиялық, ғалаба қырғын қуралларының қәўпи, технологиялық апатшылықлар қәўпи, бул – тәбийий ҳәм экологиялық апатлар қәўпи, терроризм ҳәм экстремизм, локал ҳәм глоба урыслар қәўпи ҳәм т.б. Лекин олардың арасында және бир қорқынышлы қәўип бар, қәтерлилиги жағынан автор оны жоқарыда атап өтилген барлық бәле-қадалардан көре қәўиплирек деп биледи. Не ушын?

Көз алдыңызға келтири, бүгинги күнде, егерде қайсыдур мәмлекет шегарасын кимдур нызамсыз кесип өтетуғын болса, сол ўақытта-ақ шегараларды қорғаўшы күшлер тийисли шара-илажларды көреди – қәлиплескен нәтийжели система иске түседи. Егерде  қайсыдур мәмлекеттиң аспанында белгисиз бир объект пайда болса, оны да бир демде анықлаў ҳәм итималлығы бар қәўип-қәтерди белгиленген

---

[1] Сонда, 67-бет
[2] Сонда, 29-бет

тәртипте сапластырыў бойынша тийкарғы шараларды көретуғын күш ҳәм қураллар бар. Яки қайсы бир мәмлекет аймағына өткир ҳәм жуқпалы кеселликлердиң вируслары кирип келетуғын болса, оны жоқ етиўдиң де әмелий усылы, сценарийлери ислеп шығылған – тийисли медицина-санитария хызметлери аяққа турып, бул қәўипти сапластырыўға атланады.

Бирақ инсанның қәлбине пәслик ҳәм жаўызлық туқымын шашатуғын, оны мәнаўий жақтан әззи қылатуғын зыянлы вируслар кирип келетуғын болса-ше? Оларды тоқтата ҳәм зәрүрли ис-илажларды көре аламыз ба? Көзге көринбейтуғын, бирақ орнын ҳеш нәрсе менен қаплап, толтырып болмайтуғын мисилсиз зыянлы зәҳметлер жеткизетуғын бундай бәле-қадаға қарсы тура алатуғын беккем система бар мА?

Автор келешекте пүткил инсаниятты ойландырып ғана қоймастан, бәлким оның ушын ҳақыйқый трагедияға айланыўы мүмкин болған бул өткир мәселеге терең логикалық тийкарда шешим табады. Бул қәтерге қарсы қәлиплескен система бар, бул – инсанға берилген, ийгиликке қарай умытылып жасаўдың неше мың жыллық тәжирийбе, дәстүр ҳәм қәдириятларын өзинде жәмлестирген мәнаўият болып табылады.

Автор мәнаўиятты жеңилмес күш деп тәрийплейди. Бул жүдә ҳақыйқый тәрийп. Себеби мәнаўият инсан қәлбиниң жақсылыққа қаратылған ең пәкизе туйғыларынан пайда болады. Жақсылықтан азықланатуғын қәлб ийесин болса жеңип болмайды. Соның ушын да автор адамлар, әсиресе жаслардың нәзик қәлби ҳәм санасында мәнаўий бослықтың пайда болыўына жол қоймаў зәрүрлиги ҳаққында қайғырады. Бундай қәтердиң қандай аўыр ақыбетлерге себеп болыўы ҳаққында ҳәр биримизди ескертеди.

Ең әҳмийетлиси, китапта инсанды түсиниў, оған баҳа бериў бойынша да жаңа көз-қарас ҳәм өлшемлер тийкарланып бериледи. Ҳәммемиз жақсы билемиз, бурынғы совет дүзими дәўиринде инсанға

тек ҳүкимран идеология көзи менен баҳа берилетуғын, бунда оның мәнаўий умтылыс ҳәм пәзийлетлери итибардан шетте қалатуғын еди. Ол дәўирдиң қаҳарманлары тийкарынан «гражданлар урысы қатнасыўшысы», «қызыл командир», «қызыл комиссар», «коллективлестириў кампаниясының қатнасыўшысы», «баспашыларға қарсы гүрескен», «өндирис алдыңғысы», «маяк колхоз баслығы», «ударник бригадир», «алпыс центнерши пахтакеш», «Қызыл майдандағы парадта қатнасқан», «Апрель революциясын әмелге асырыўда қатнасқан» деген сыпатлар менен тәрийленетуғын еди. Мисли бул адамлардың инсаный пәзийлетлери жоқтай, тек сиясий кампаниялардағы хызметлерине итибар қаратылатуғын еди.

«Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабында болса инсанға мүнәсебеттиң пүткиллей жаңаша, таза инсаный үлгисин көремиз. Автор өзи үлги қылып келтиретуғын инсанларды ең дәслеп мораллық пәклиги, зәрүрлик туўылған пайытта беккем еркин көрсете алған, ҳәр қандай қыйын ҳәм қурамалы демлерде де турмыстағы итиқатына садық қалғаны, өз халқы ҳәм журтын ойлап жасағаны, бир сөз бенен айтқанда, ҳақыйқый инсаный пәзийлетлери ушын ҳүрмет-иззет пенен тилге алады. олардың мәнаўий қаҳарманылғы алдында тәжим қылыўды парызы деп биледи.

Ҳақыйқатында да. дүньяда ҳеш бир пәзийлет мәнаўий мәртлик сыяқлы қүдиретли күшке ийе емес. Бир уллы инсанның мәнаўий мәртлиги мың-мыңлап адамлар, пүткил бир әўладлар ушын уллы мектеп болып хызмет етеди. Автор буны алыс ҳәм жақын тарийхымызда өткен не бир уламалар, классик инсанлардың өмири мысалында дәлиллеп береди. Жеке өзи халқымыз арасында археолог алым Я.Ғуламов, шайыра Зульфия, әдебиятшы А.Шарафиддинов мысалында әне сондай мәнаўий мәртлик ийелерин көргенинен оғада қуўанышлы болып жазады.

Белгили болғанындай, саламат қәлбде саламат исаним, саламат санада болса саламат дүньяқарас қәлиплеседи. Итиқат қәлбтиң мәнаўий

системаға айланыўы болса, дүньяқарас сана-ойдың мәнаўий системаға айланыўы болып табылады. Бул системаларды қәлиплестириў ҳәм қамал таптырыўда, ҳеш шубҳасыз, «Инсан қәлбине жол» бөлиминде тилге алынған факторлар тәлим-тәрбия, мәденийят, әдебият ҳәм искусствоның тәсири шексиз. Дана бабаларымыз айтқанындай, ҳақыйқатында да, қәлб инсанның пүткил денесин басқарады. Қәлб таза болса – пүткил дене таза. қәлб нәпәк болса – пүткил дене нәпәкдур.

Ең әҳмийетлиси, терең философиялық мазмунға ийе болған усы шығармада мәнаўият инсан ушын ҳәмийше шешиўши күш болып қалыўына қатаң исеним бар. Соның ушын да бул китап усы ўақытқа шекем ийгиликти жақтап киятырғанлардың күшине күш, ғайратына ғайрат қосады. Бул жолда екиленип турғанларды ийгилик тәрепине өтиўге ҳәм қалған өмирин мазмунлы өткериўге шақырады. Адасып, натуўры жолларда жүргенлерди болса сергек тарттырады – бәри бир ийгилик, әдалат ҳәм мәнаўият жеңип шығыўына исендиреди. Бул китаптың күши де, әҳмийети де ең дәслеп мине усында деп ойлаймыз.

## 2.3. Өзликти аңлаўға шақырық

Адамзат жәмийетти қалай етип уйғын тийкарда раўажландырыў, мәмлекетти қүдиретли ҳәм абат етиў, инсанды еркин ҳәм бахытлы етиў ҳаққында әййем-әййемнен берли бас қатырып келеди. Ҳәр бир тарийхый дәўир күн тәртибине қойған бул қурамалы сораўларға алым ҳәм философлар, сиясатшы ҳәм мәмлекет ғайраткерлери өз билим ҳәм тәжирийбеси, өзи тийисли болған дәўир көз-қарасынан жуўап излеген. Атап айтқанда, Әййемги Қытай данышпанлары Конфуций ҳәм Лао-Цзы, грек философлары Платон ҳәм Аристотель, уллы ойшыл бабаларымыз Фарабий ҳәм Ибн Сино сыяқлы уламалардың шығармаларын, Амир Темур ҳәм Улығбек сыяқлы уллы мәмлекет ғайраткерлериниң сиясий искерлигин бул сораўларға конкрет тарийхый шәраяттан келип шығып берилген теориялық ҳәм әмелий жуўаплар сыпатында қабыл қылыў мүмкин. Тәбийий түрде тарийхта олардан басқа және де қаншадан қанша ойшыл ҳәм ғайраткерлер де бул мәселелерге белгили бир мүнәсебетлер билдирип өткен.

Глобалласыў ҳәм информация әсири болған бүгинги дәўирде, әлбетте, халықлар ҳәм мәмлекетлер ортасынлағы байланыслар күшейип, теңсиз рәң-бәреңлик ҳәм қурамалылыққа ийе болмақта. Бундай шәраятта жәмийет раўажына тәсир көрсететуғын жаңа факторлар пайда бола баслады. Ўолардың ҳәммесин терең аңлап, анализлеп, әмелий сиясатта есапқа алыў Ўөзбекстанда ҳуқықый демократиялық мәмлекет, еркин пухаралық жәмийет тийкарларын беккемлеўде, дәўир шақырықларына толық жуўап бере алатуғын бәркамал әўладты тәрбиялаўда, шубҳасыз, айрықша әҳмийетке ийе. «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабы мине усындай турмыслық зәрүрликке жуўап сыпатында дүньяға келген.

Жәмийет ҳәм инсан зәрүрликлери ҳәр қыйлы ҳәм қурамалы, олар арасынан ең әҳмийетлилерин ажыратып көрсетиўдиң өзи қыйын. Инсан жасаўы, бала-шағасы ҳәм хожалығын бағыўы ушын белгили бир

дәрамат дерегине ийе болыўы лазым. Аш адамның қулағына қосық та, пәнд-нәсият та кирмейди, гөззаллық та, искусство шығармасы да көзине көринбейди. Сол себептен, китапта дурыс тән алынғанындай, «дәслеп экономика» деген принцип инсан ҳәм жәмийет турмысында ҳәмийше актуал болып келген. Соның менен бир ўақытта инсан тек қарнын ойласа, онда ол нәпси қулына айланады, жақсылық ҳәм жаўызлықтың парқына бармай қалады, ондағы ҳайўанлық мейиллер инсаныйлықтан үстин келеди. Сол себепли мәнаўият, мәнаўий өрлеў де күтә актуал мәселе.

Лекин, адамзат тарийхы соны көрсетеди, материаллық ҳәм мәнаўий зәрүрликлер барлық заманларда бирдей тең раўажландырылмаған. нәтийжеде жәмийет бир тәреплеме раўажланып, ақыр-ақыбетинде көплеген шийеленискен машқалалар гирдабында қалып кеткен. Адамзат қаншелли ҳәрекет қылыўына қарамастан, материаллық ҳәм мәнаўий турмыс ортасында уйғынлық орнатыў жолларын таба алмаған яки тарийхый шәраят буған имканият бермеген. Қашан ҳәм қайсы мәмлекетте жәмийет турмысының бағдарлары есапқа алынса, сол жерде прогресс жүз берген. Харун ар-Рашид, әсиресе халифа Мамун дәўиринде ислам цивилизациясы ҳәм мәденияты тез раўажланған. Уллы бабамыз Әмир Темур искерлигинде де экономика, өнерментшилик ҳәм абаданшылық пенен бир қатарда әдалатты орнатыў, дин-диянат, илим-билим, әдебият ҳәм искусствоны раўажландырыў, қулласы мәнаўиятқа үлкен итибар қаратылған.

Ғәрезсизликке ерискен дәслепки күнлерден-ақ елимизде жәмийеттиң материаллық ҳәм руўхый жақтан уйғын раўажланыўына, жас әўладтың бәркамал болып жетилисиўине айрықша итибар берилмекте. Бул бойынша уллы бабаларымыз баслап берген дәстүрлер заман талаплары тийкарында даўам еттирилмекте ҳәм материаллық-экономикалық факторлар менен қатарда мәнаўий факторлар да үстин әҳмийетке ийе олмақта.

Тәбийий түрде «Жоқары мәнаўият - жеңилмес күш» китабында бул жолда ерисилген бай ҳәм үлгили тәжирийбе улыўmаластырылған, сол тийкарда әҳмийетли теориялық жуўмақлар шығарылған.

Мәлим болғанындай инсан жәмийетте жүз берип атырған барлық өзгерислердиң, раўажланыўдың бас мақсети ҳәм тийкарғы дөретиўшиси, әмелге асырыўшы күши болып табылады. Бүгинги күнде мәмлекетимизде «Реформа реформа ушын емес, ең дәслеп инсан ушын, оның мәплери ушын» деген шақырық тек ғана уран емес, бәлким жаңаланыў процессиниң, дөретиўшилик ислеримиздиң реал аңлатпасына айланып бармақта.

Турмыс ҳақыйқатлығы соны көрсетеди, инсан социаллық жақтан белсенди дөретиўши болыўы ушын еркин ҳәм творчестволық пикирлейтуғын, басламашы ҳәм исбилермен, заманагөй билимлерди пухта ийелеген, өз материаллық ҳәм мәнаўий зәрүрликлерин дурыс аңлап, дурыс қанаатландыра алатуғын болыўы зәрүр. Егер материаллық байлықлар, экономика жәмийеттиң денеси болса, мәнаўият оның руўхый, жаны, ақыл-зәкаўаты ҳәм қәлбидур. Олардың ҳеш бири жеке раўажлана алмайды, керисинше, бир-бирине сүйенип ҳәм таянып раўажланады. Соның ушын да журтымызда ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен-ақ материаллық ҳәм мәнаўий турмысты өз-ара уйғын раўажландырыў тек ғана илимий теория емес, бәлким стратегиялық ўазыйпа сыпатында белгиленип алынды.

Автор әзелий қәдириятларымыз ҳаққында пикир жүргизер екен, меҳир-ақыбет, меҳир муҳаббат, меҳир-шәпәәт, қәдир-қымбат сыяқлы түсиниклерди басқа тиллерге тап сондай мәнисте аўдармалаў мүшкил екенлигин атап көрсетеди. Автор инсаныяттың көп мыңжыллық тәжирийбесинен келип шыққан ҳалда, мәнаўият миллетти ҳәм инсан еркинлигин тек ғана өрлетиўши емес, бәлким оны ҳәр қыйлы жаўыз күшлерден қорғаўшы қүдиретли күш екенлиги ҳаққында идеяны илгери сүреди. Бул идея китаптың атында да өз аңлатылыўын тапқан.

Сол мәнисте төмендеги пикирлер дыққатқа ылайық: «дүньядағы зорлыққа бейим ҳәм агрессив күшлер қайсы бир халық яки мәмлекетти өзине бас ийдирип бойсындырмақшы, оның байлықларын ийелемекши болса, ең дәслеп, оны қуралсызландырыўға, яғный ең уллы байлығы болған миллий қәдириятлары, тарийхы ҳәм мәнаўиятынан, руўхый байлығынан жуда етиўге урынады»[1]. Соннан соң мәнаўий қәўип түсинигиниң мазмуны ҳәм әҳмийети ашып бериледи. «Руўхый топылыс дегенде, ең дәслеп, тили, дини, ийман-исенимине қарамастан, ҳәр қандай адамның шын мәнистеги еркин инсан болып жасаўына қарсы қаратылған, оның әйне руўхый дүньясын изден шығарыў мақсетин көзде тутатуғын идеологиялық, идеялық ҳәм информациялық ҳүжимлерди нәзерде тутыў лазым, деп ойлайман»[2].

Бул пикирлерден мәнаўий қәўип ең дәслеп инсан еркинлигине қарсы қәўип деген жуўмақ шығады. Солай екен, мәнаўий қәўипке қарсы турыў инсан еркинлигин қорғаў болып табыды.

Автор жат идеялардан, мәнаўий қәўиплерлен тек ғана миллий идеямыз, миллий мәнаўий қәдириятларымыз жәрдеминде қорғаныўымыз мүмкин екенлигине және бир рет дыққат қаратады. Буның ушын халықымыз, әсиресе жаслар санасына оларды терең сиңдирип, идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў зәрүрлиги ҳаққында әҳмийетли пикирлерди илгери сүреди.

Автор миллий идея түсинигин ҳәр бир миллеттиң ата-ббалардан әўладларға өтип, әсирлер даўамында қәдирленип киятырған ең ийгиликли арзыў-умтылыс ҳәм үмит-мақсетлери менен байланыстып түсиндиреди. Бундай жантасыў өтмиште гейпара колониялық мәмлекетлерде миллий идея нықабы астында ортаға қойылған, бүгин де гейпара идеология полигонлары тәрепинен жаңаша формада илгери сүрилип атырған, жаўыз идеялардың (мысалы, дүньяның айырым аймақларын ашықтан-ашық қүдиретли мәмлекетлердиң турмыслық

[1] Каримов И.А. Юксак маънавият –енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. 11-бет
[2] Сонда, 13-14 бетлер

әҳмийетли мәплериниң шеңберине киретуғын регион деп жәриялаў яки «демократияны алға илгерилетиў» сыяқлы шақырықлар) миллий идея сыпатында қаралыўын бийкар етеди. Ҳақыйқатында да, түп негизинде ғәрезли мақсетлер сәўлеленген умытылысларды миллий идея емес, миллетшил, шовинистлик идеялар сыпатында баҳалаў орынлы болады.

Китапта еле бурынғы аўқам тарқалмаған ўақтында, яғный, 1990-жылдың 24-марты күни Өзбекстанда президентлик басқарыўдың енгизиўи атап көрсетилип, бул ўақыя ҳақылы рәўиште журтымызды ғәрезсизликке қарай баслаған биринши қәдем деп баҳаланады.

Китапта халқымыздың раўажланыўы ушын күтә әҳмийетли болған басқа көплеген мәселелер қатырнда «миллий қәдирият» түсинигиниң мазмуны да жетерли дәрежеде ашып бериледи: «биз тарийх сынақларынан өткен, миллий мәплеримиз, бүгинги ҳәм ертеңги арзыў-умтылысларымызға, раўажланыў талапларына толық жуўап беретуғын, жыллар өткен сайын қәдири артып баратуғын идея ҳәм түсиниклерди қәдирият деп билемиз. ҳәр қандай жәмийетлик ҳәдийсе сыяқлы миллий қәдириятлардың ҳәм өзине тән раўажланыў нызамлары бар»[1].

Китапта ана тилиниң миллий сана, миллий ойлаў ҳәм мәнаўиятты, миллий тәрбияны раўажландырыўдағы, әўладлар ортасындағы мийрасхорлықты тәмийнлеўдеги әҳмийети кең ҳәм ҳәр тәреплеме аышп берилген. Сол мүнәсебет пенен өзбек тилине мәмлекетлик тил статусын бериў, жаңа имла, бүгиги күнде бул бойынща алдымызда турған ўазыйпалар, сондан-ақ әдебия тил нормаларын пухта өзлестириў, зәрүр атамаларды жаратыў, жерлерге ат бериўге жуўапкершилик пенен жантасыў ҳаққындағы пикирлер билдириледи.

Шығармада Өзбекстанда жәмийетти ҳәм жәмийет ойлаўын жаңалаўдың революциялық усыллары, бул процессти шеттен турып, зораўанлық жолы менен жасалма түрде тезлетиўге байланыслы көз-қараслар бийкарланып, барлық тараўларда, атап айтқанда мәнаўий

[1] Каримов И.А. Юксак маънавият –енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. 82-бет

тараўда да реормалар эволюциялық тәризде әмелге асырылып атырғанлығы ҳәм буның әҳмийети терең ашып берилген. Белгили болғанындай, раўажланыўдың «өзбек модели»ниң өзине тән өзгешеликлериниң бири де мине усы принципте айқын көзге тасланады.

Автор глобалласыўдың әҳмийетин, оның дүнья прогрессине қосып атырған унамлы тәсирин қысқаша ашып берип, тийкарғы итибарды бул процесс туўғызып атырған мәнаўий қәўиплерге қаратады. Бүгинги күнде глобалласыў процессинен ҳеш бир халық шетте турыўы мүмкин емес. Усындай кейпиятқа берилген халық яки миллет раўажланыўдан жүз жыллар кейинде қалып кетиўи мүмкин, деп ескертеди.

Ҳәр қыйлы мәнаўий қәўиплерге, «ғалаба мәдений» нықабы астында кирип келип атырған зораўанлық, әдепсизлик ҳәм уятсызлық, индивиуализм ҳәм менменликти нәсиятлайтуғын «шығармалар»ға, қосық ҳәм музыкаларға, бузғыншы информацияларға қарсы турыў ушын адам өз ғәрезсиз пикирине, қәлдриятлар тийкарында қәлиплескен дүньяға көз-қарас, беккем еркке ийе болыўы лазым. буның ушын болса халқымыз, әсиресе жаслардың мәнаўий әлеминде бослық пайда болмаўы керек. Соның ушын да автор балалықтан инсан қәлби ҳәм санасында саламат турмыс тәризи, миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятларға ҳүрмет-иззет туйғысын қәлиплестириў ең әҳмийетли ўазыйпамыз екенин айрықша атап өтеди.

## 1.3. «Ғалаба мәдений» қәўпи ҳәм оған қарсы гүресиў зәрүрлиги

«Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» шығармасында автор уллы тарийх, мәдений ҳәм мәнаўият ийеси болған халықтың перзенти, бүгинги дүньяда кешип атырған глобал процесслердиң мәнис-мазмунын терең аңлайтуғын, оның идеологиялық, геосиясий келбетин анық көз алдына келтиретуғын үлкен ой ийеси, атақлы мәмлекет ҳәм сиясат ғайраткери сыпатында көпшиликти ойландыратуғын қурамалы машқалаларды ҳалыс ҳәм ҳаққаный анализлеп береди. Ҳәзирги шиддетли ҳәм мийримсиз заманның ҳәр бир миллет, атап айтанда бизиң ҳалқымыздың алдына қойып атырған талапларын ашық баянлайды: «Биз халқымыздың дүньяда ҳеш кимнен кем болмаўы, перзентлеримиздиң бизден де көре күшли, билимли, дана ҳәм әлбетте, бахытлы болып жасаўы ушын бар күш ҳәм имканиятларымызды бағдарлап атырған екенбиз, бул бойынша руўхый тәрбия мәселеси, ҳеш шубҳасыз, теңи жоқ әҳмийетке ийе болады. Егер биз бул мәселеде сергеклик ҳәм сезгирлигимизди, табанлылығымыз ҳәм жуўапкершилигимизди жоғалтсақ, бул оғада әҳмийетли жумысты өз ҳалына, өзи боладылыққа таслап қоятуғын болсақ, муқаддес қәдириятларымызға суўғарылған ҳәм олардан азықланған руўхый дүньямыздан, тарийхый өтмишимизден айрылып, ақыр-ақыбетинде өзимиз умтылған улыўма инсаный раўажланыў жолынан шетке шығып қалыўымыз мүмкин»[1].

Әлбетте, бүгинги дүнья басынан кеширип атырған глобалласыў процессин инсаният ушын үлкен-үлкен имканиятлар есигин ашып береди. Бирақ, тилекке қарсы, дүньядағы айырым күшлер сондай қурамалы бул процессти және де қурамаластырып, зораўанлық ҳәм гегемонизм есабынан байлық арттырыўға умтылмақта ҳәм бул жолда «ғалаба мәдений» идеясын кең нәсиятламақта.

Китап авторының төмендеги пикирлери бәршамизди сергек тарттырады: «Биз елимизде жаңа турмыс тийкарларын қурып атырған

[1] Каримов И.А. Юксак маънавият –енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. 4-бет

екенбиз, бир мәселеге айрықша итибар бериўимиз лазым. Яғный, коммунистлик идеология ҳәм оның әдеп-икрамлылық нормаларынан бас тартқаннан соң жәмийетте пайда болған идеялық бослықтан пайдаланып, шеттен биз ушын пүткиллей жат болған, руўҳый ҳәм пәс әдеп-икрамлылық иллетлерин өз ишине алған «ғалабалық мәденият» жапырылып кирип келиў мүмкинлигин умытпаўымыз керек»[1].

«Ғалаба мәденият» - мәдениияттың қурамалы, ҳәмме ўақыт бир қыйлы түсиндирилмейтуғын өзине тән формасы. Ғалаба мәдениятты Батыс мәденияты менен байланыслы қубылыс деп түсиниў, сондай-ақ оны идеясызлық, сапасызлық ҳәм талғамсызлық үлгиси сыпатында баҳалаў кең тарқалған. Әйне пайытта, фольклар, халық мәденияты да ғалаба мәдениат көриниси сыпатында түсиндириледи.

Ғалаба мәдениат алым ҳәм қәнигелер тәрепинен ҳәрқыйлы түсиндирилмекте. Оларды улыўмаластырған ҳалда төмендегише аңлатыў мүмкин:

1. Ғалаба мәденият - халық мәденияты, үрп-әдетлери, мәресимлери, искусствосы ҳәм усы кибилерди аңлатыўшы түсиник.
2. Ғалаба мәдениат – ҒХҚ раўажы менен байланыслы қубылыс.
3. Ғалаба өндирис, «кеўилашар индустрия» тәрепинен жаратылған, массаның тутыныўына мөлшерленген мәдениияттың сыйқаластырылған үлгилери көринисиндеги унамсыз қубылыс.

Бүгинги күнде ғалаба мәдениат идеологиялық басымның ең қәўипли қуралларының бирине айланған. Тутыныўшылық кейпияты өзегин қураған ғалаба мәдениат ҳақыйқый инсаный мәдениятка қайшы, оны аяқ асты ететуғын, мәнисин бузатуғын ҳәм ақыр-ақыбетинде инсанды жан сақлаўдан өзге мақсети болмаған жанзат, ҳайўан

[1] Сонда, 117-бет

дәрежесине түсиретуғын, халықты болса аламанға айландыратуғын қубылыс болып табылады. Бүгинги күнде ҒХҚ ҳәм ТВ мәдениятты ғалабаластырыўдың тийкарғы қуралы ҳәм дереги болып хызмет етпекте. Бул, ең дәслеп, адамлардың қайғы ҳәм қуўанышын аңлатқан, оларды қызықтырған ҳәр қандай машқаланы товарға, бир қәлипке салынған кеўилхошлыққа айландырыўды көзге тасланбақта.

Мәдений – тийкарынан салыстырмалы түсиник. Бул түсиниктиң қәлиплесиўинде адамды қоршап турған орталық, жасаў шәраяты, мүнәсебетлер системасы айрықша орын ийелейди, десек қәте болмайды. Итибар берсек, соңғы 4-5 жыл ишинде миллий турмыс тәризимизге пүткиллей жат ҳәм бийгана болған әдетлердиң бири «Валентин күни»н белгилеў айырым жаслардың арасында модаға айланбақта. Бул өз нәўбетинде жоқарыда айтып өтилгениндей, глобалласыўды жасалма тезлестириўге ҳәрекет етип атырған ҳәм соннан пайда таўып атырған күшлер ушын оғада қолай.

Ата-бабаларымыздың түсине де кирмеген «Валентин күни»нде көпшилик кеўирашар орынлар ҳәм дем алыс орынлары ашық-машықларды байрам дәстүрханына (әлбетте, тегинге емес) мирәт етеди: жеке радиостанциялар мәнисиз, болмайтуғын қутлылаўларды, сәлемнамаларды оқып еситтириўден шаршамайды. Биз танымыйтуғын, бәлким таныўамаз шәрт болмаған «Валентин баба»ның атына мадақлар жаўылатуғын әййамда, яғный 14-февраль сәнесинде уллы бабамыз Заҳириддин Муҳаммед Бабур туўылған. Бийықтыр «Не, мақсет – Бабур мырзадай бабаларымызды жәнe есимизден шығарып, олардың орнына Валентин «бабаларды» сиңириў, бизди өзлигимизден айырыў ма?» деген пикирге барасыз. Ақыры биз бундай қара күнлерди, сынаў ҳәм имтиханларды жақында ғана басымыздан өткермедик пе? Бүгин сол коммунистлик қәтерлер орнын басқа бир қәтер – «универсал мәдений» нықабындағы қәўип ийелеп алма атыр ма?

Бул ҳаққында ойлар екенбиз, китап авторының бир минут та сергеклити қолдан бермеслик ҳаққындағы ескертиўлери оғада туўра екенлигине уайта-қайта исеним пайда етемиз.

Мәнаўий қәўиплердиң ең қәтерли тәрепи миллий жәмийетлердиң әдеп-икрамлылық принциплерине қәўип салыўында көзге тасланады. миллий әдепке топылыстың бийазар, ҳәттеки кимлергедур жақымлы болыр көринетуғын формасы - бүгинги күнде «ғалабалық мәдениях» деп атырған қубылыс пенен байланыслы. «Ғалабалық мәдениях» ең дәслеп миллий әдеплиликти әззилетип, жәмийеттиң идеялық системасын изден шығарыўы менен қәўипли.

Лекин, ашық тән алыўымыз керек, «ғалабалық мәдениях» топылысын еле ҳәмме де толық аңлап жеткени жоқ. Бул топылыстың ертең қандай аўыр ақыбетлер келтирип шығарыўы мүмкинлигин көппшилик қыялына да келтирип атырғаны жоқ. Жақын-жырақ журтларда «ғалабалық мәдениях»тың ашшы мийўелерин шаңарақ институтының ыдыраўы, әдепсизлик ҳәм уятсызлықтың күшейиўи, ата-ана ҳәм перзентлер ортасында меҳир-ақыбет жоқ болып баратырғанлығы, бир жынıслы некелер – булардың барлығы бизиң көзимизди ашыўы керек.

Тилекке қарсы, мәдений турмысымызда илим кандидатлары, илим докторлары саны барған сайын артып баратырған сайын мәнаўият майданында пидайылар, ҳақыйқый мәнаўий мәртлик ийелери, керисинше, кемейип бармақта. Бир қарағанда, зиялылар көп сыяқлы. Лекин, олардың тәсири, абыройлы сөзи жеткиликли дәрежеде сезилмей атыр – «ғалабалық мәданият»тың ҳаслы мәнис-мазмунын ашып, оған қарсы гүресиў жолын көрсетип беретуғын публицистикалық мақалалар, илимий ҳәм әмелий қолланбалар кемнен-кем пайда болмақта.

«Ғалабалық мәдениях» түп-тийкарына келгенде миллий мәдениятлардың зыянкеси, ол мәдений рәң-бәреңликти хошламайды, бул әлемди бир реңде көриў оның ҳаслы мақсети. Президент тәрепинен

бул қәўипке төмендегише баҳа берилген: «Тәбийий нәрсе, «ғалабалық мәдeният» деген нықап астында бийәдеп бузықлық ҳәм зорлық, индивидуализм, эгоцентризм идеяларын тарқатыў, керек болса, соның есабынан байлық арттырыў, басқа халықлардың неше мың жыллық дәстүр ҳәм қәдириятлары, турмыс тәрзиниң руўхый тийкарларын писент етпеў, оларды бузыўға қаратылған қәтерли топылыслар адамды тәшўишке салмай қоймайды»[1].

«Ғалабалық мәдeният» көплеген жәмийетлерди жасалма, жалған идеялар менен алжастырып ғана қоймастан, адам баласы ушын муқаддес болған тәбийий жуплықты бийкар етеди, ғайрыинсаный мораль ҳәм мүнәсебетлерди нызамластырады ҳәм буны еркинликтиң жоқары үлгиси деп көз-көз қылады. мине усы процесслер тереӊ анализленген Батыс алымлары Элвин Тоффлердиң «Үшинши толқын», Патрик Бьюкененниң «Батыстың апаты» сыяқлы шығармалар дүнья көлеминде шаўқын-сүренлерге себеи болғаны да бийкарға емес.

Егер, «ғалабалық мәдeният» идея екен, оған қарсы қандай идея менен гүресемиз? «Ғалабалық мәдeният»қа күш бағышлап турған бизнеске шеЎ Оған нени қарсы қоямызЎ мине усы сораўларды өзи-ақ «ғалабалық мәдeниятқа» қарсы турыў аңсат болмайтуғынлығын көрсетеди.

Әдетте бул мәселеге шешим сыпатында тәрбия миллий болыўы зәрүрлиги, жасларды миллий руўхта қәлиплестириў лазымлығы қайта-қайта атап көрсетиледи. Лекин жас әўладты миллий руўхта ким тәрбиялайды?

Бизиңше, бунның ушын толық мәнисте миллий руўхты өзинде жәмлестирген жәмийеттиң интеллектуал элитасын қәлиплестириў лазым. Глобалласыў процессинде миллетке тән болған барлық сыпатларды жәмийеттиң интеллектуал элитасы сақлап қалыўы, өз

---

[1] Каримов И.А. Юксак маънавият –енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. 117-бет

нәўбетинде жаслардың қәлбине ҳәм санасына терең сиңдириўи, келеси нәсиллерге жеткизиўи мүмкин.

«Ғалабалық мәдeният» замангөй келбетте – раўажланған мәдений дүньяға интеграцияласыў, либералласыў, демократияласыў нықабы астында көринис бермекте. Президент И.А.Каримов «ғалабалық мәдeният» нықабындағы түсиниклер менен улыўмаинсаный қәдириятлар ортасындағы қарама-қарсылықларды нәзик аңлап алыў зәрүрлигин атап көрсетеди.

## II. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабынын мәнис-мазмунын ҳәм әҳмийетин оқыўшылар қәлби ҳәм санасына синдириўдиң методикалық мәселелери

### 2.1. Шығарманы үйрениў процессинде дөретиўшилик орталықты қәлиплестириў усыллары

Президентимиз И.А.Каримовтың бул мийнетинде адамзат ушын ҳәмме заманларда да ең уллы байлық болып келген руўхыйлығымыздың мәнис-мазмуны, оның инсан ҳәм жәмийет турмысындағы әҳмийети ҳаққында терең мазмунлы түсиниклер ҳәмде ҳәр бир инсан алдындағы ўазыйпалар ҳаққында пикирлер жүритиледи.

Бул шығарманы оқыған ҳәр бир инсан руўхый пәклениўге, ийманлы, инсаплы, ўападар, мийнет сүйгиш, жасап атырған тыныш ўатанымыздың жанкүйери, халқымыздың тарийхын, әдебиятын, мәдениятын раўажландырыўға ҳәм қәстерлеўге талпынатуғыны тәбийий.

Президентимиз «өз тарийхын билмейтугын, кешеги күнин умытқан миллеттиң келешеги жоқ» деп келтирип өтеди[1]

Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабын үйрениўде акутал мәселелердиң бири оқыўшылардың бул шығарманын мәнис-мазмунын, әҳмийетин санасы, қәлби менен аңлап, оннан жатласыўға жол қоймаў болып табылады. Сонлықтан оқыўшыларға бул ҳаққында билим бериўши муғаллимниң өзиниң китапта сөз етилген мәселелер ҳаққында терең, кең, турмыс пенен байлынсқан билимлерге ийе болыўы, үгит-нәсиятлап атырған нәрселерге онын өзинде исеним-итиқат орын алыўы дәркар. Сонда ғана бул бағдардағы тәлим-тәрбия нәтийжели болады.

Президент шығармасын үйрениўдеги актуал мәселелердин җәне бири китап мазмунын тек қурғақ баян етип қоймастан, оның мәнис-

---

[1] Каримов И.А. Жоқары мәнаўият жеңилмес күш.-Т.: Маънавият, 2008, 4-бет

мазмунын, әҳмийетин оқыўшылар санасына сиңдириўде дөретишилик орталыкты пайда етип, оқыўшылардың үйренилип атырған объектке дөретиўшилик пенен жантасыўын қәлиплестириў болып табылады.

Солай екен, бул мийнетти үйрениўде қалай етип дөретиўшилик қатнас жасаў, дөретиўшилик орталық жаратыў мүмкин?

Биринширен, Президентимиз И.А.Каримовтың китабында «Авесто» китабының бийбаҳа руўхый естелик екенлиги атап көрсетилген. Мине усы китапты – «Авесто»ны, Қарақалпақстан жеринде зардуштийлик дининиң тарқалыўын, зардуштийлик естеликлериниң жайласыўын, олардың алымлар тәрепинен изертлениўин талабалардың өз бетинше үйренип шығыўы арқалы оларда дөретиўшилик басламаларын қәлиплестиремиз. Бунда тек мағлыўматларды қабыл етип ғана қоймастан, оларға мүнәсибет билдириў, зардуштийлик дининиң бүгинги турмысымыздағы излерин табыў, бул динниң баска динлер менен байланысын ашып бериў характериндеги жумыслар Президент шығармасын үйрениў процессинде дөретиўшилик орталығын қәлиплестириўге негиз болады.

Екиншиден, талабалар ҳәр бир халықтың руўхыйлығының терең ҳәм тынық баслаўларының бири болған халық фольклорына дөретиўшилик пенен жантасыў арқалы олардың бүгинги күндеги руўхыйлығымыз ушын әҳмийетин аңлап жетеди. Мысалы, Президент шығармасында «Алпамыс» дәстанына үлкен итибар қаратылған. Талабаларға «Алпамыс» дәстанының өзбек, қарақалпақ, қазақ халықларындағы үлгилерин салыстырмалы анализлеўге, не ушын бул дәстанынның XX әсирдиң 50-жыллары репрессияға ушырағанлығын үйрениўге бағдарланған тапсырмалар бериў мүмкин.

Президентимиздиң «Алпамыс» дәстаны ҳаққында «Бул қаҳарманлық эпосын жырлап, оны жүрегине, қәлбине, санасына сиңдирген миллетти болса, ҳеш қандай күш жеңе алмайды» деген даналық сөзлери бар. Мине усы сөзлердиң мәнис-мазмунын китапты

үйрениўшилер өз санасынан, жүрегинен өткерип қабыллаўлары ушын дәстанды басқа да қаҳарманлық дәстанлар менен салыстырып үйрениў керек деп ойлаймыз, мысалы «Қырқ қыз» дәстаны менен.

Үшиншиден, миллий мийрасларымызда сәўлеленген руўхыйлықты тереңирек аңлаўға имканият жаратыў ушын үлкетаныў музейлерине саяҳатқа апарыў ҳәм оның тийкарында алған тәсирлери ҳаққында шығармалар жаздырыў да, бизиңше, дөретиўшилик орталықтың қәлиплесиўиндеги факторлардың бири болып табылады.

Төртиншиден, миллий байрамларымыздың заманагөй көринислерине дөретиўшилик пенен жантасыў мәселелерине де итибар бериў керек болады. Сондай-ақ, көпшилик жасларымыз ушын мәнис-мазмуны, әҳмийети жеткиликли дәрежеде түсиникли болмаған, бирақ олар да бойсынып киятырған үрп-әдет, дәстүрлеримизди изертлеў, олардың мәнис-мазмунын, заман талапларына жуўап бериў имканиятларын үйрениўге қаратылған жумыслар арқалы да дөретиўшилик орталықты қәлиплестириў мүмкин деп есаплаймыз.

Бесиншиден, муқаддес ислам динимиз бенен байланыслы мәселелерге де итибар қаратыў керек. Президент И.Каримов шығармасында көбирек Имам Бухарий, Имам Матуридий, Бурҳаниддин Марғиноний киби ислам дини, илими дарғаларына итибарды қаратқан. Егер оқыўшыларға усы уллы уламалар менен бир қатарда туўылған үлкелеринде жасап өткен, ямаса ҳәзирги күнде жасап атырған, атлары дүньяға кеңнен белгили болмаса да, өзлериниң искерлиги, көз-қараслары менен ислам руўхыйлығына үлес қосып келген уламалар исимлерин анықлаў, олардың мийрасларын үйрениўге бағдарланған тапсырмалар берсек, онда тек дөретиўшилик орталықты раўажландырып ғана қоймастан, патриотлық тәрбияның да нәтийжелилигин арттырамыз.

Президентимиз И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» шығармасында миллий идеяның теориялық, методологиялық тийкарлары да белгили дәрежеде сөз етиледи. Буннан тысқары бул

китапта баян етилген пикирлер, көз-қараслар журтбасымыздын басқа да шығармалары менен уйғынлықта үйренилгенде, оқыўшыларға терең, толық, турмыс пенен байланыслы түрде жеткерилип берилиў имканияты артады. Сонлықтан китапты үйрениўде онын мазмунын, тийкарғы идеяларын үйрениў менен шекленбей, онда баян етилген машқала, идеялардың реал турмыстағы көринислерин табыў, анализлеў, жуўмақлар шығарыўға қаратылған тапсырмалар (реферат, аргументли эссе, шолыў ҳ.т.б.) бериў керек.

Улыўма ҳәм орта арнаўлы билим бериўши оқыў орынларында оқыў процессинде сиясий-идеологиялық, руўхыйлық қубылысларына байланыслы терминлерге де итибар қаратыў зәрүр. Президент И.А.Каримовтың бул китабында баян етилген глобалласыў дәўири, инсан санасы ҳәм қәлби ушын гүрес мәселелерин кең, терең түсиниў ушын пән («Тарийх», «Миллий идея ҳәм руўхыйлық тийкарлары», «Ҳуқықтаныў») бойынша дөгереклерде ҳәр қыйлы идеологиялық ағымлардың (мысалы, консерватизм, социал-реформизм, либерализм, фашизм, большевизм) мәнис-мазмуны, мақсетлери, ўазыйпалары, тарийхы, заманагөй көринислерин үйрениў, сыпатлаў, анализлеў оқыўшыларда тек ғана китап мазмунын, әҳмийетин түсиниўди қәлиплестирип қоймастан, оларда идеологиялык иммунитетти қәлиплестириў ҳәм беккемлеўге де негиз жаратады.

Жоқары мәнаўият, миллий идея халқымыздың миллий-мәнаўий қәдириятлары менен тығыз байланыслы. Солай екен, Президент шығармасын үйрениўде халқымыз турмысында орын алып келген, базылары бүгинги күнде өз форма ҳәм көринислерин өзгерткен үрп-әдет, дәстүрлерди (мысалы: гештек, қархат, «тил ашар той») анықлаў, үйрениў оқыўшыларда китапты саналы, дөретиўшилик пенен өзлестириўди қәлиплестиреди.

Әййемги заманның атақлы философы Конфуций «Пәраўанлық – мақсет, реформалар – оған ерисиў жолы, турақлылық болса шәрт-

шәраяты болып табылады» деп күтә орынлы айтқан. Бул «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабында да өзиниң сәўлелениўин тапқан. Китапты үйрениў процессинде оқыўшылардың елимизде әмелге асырылып атырған реформалардың мәнис-мазмунын, реал жетискенликлерин, шешимин күтип атырған мәселелерди үйрениўге бағдарланған жумыслары үлкен әҳмийетке ийе. Бунда презентациялар, ойынлар, дебатлар жаксы нәтийже береди деп есаплаймыз.

Гносеология көз-қарасынан идея инсанның өзин аңлаўы ҳәм қубылыслар дүньясын билиў мәнис-мазмунының ишине кирип барыўды аңлатады. Демек, миллий идея да ҳәр бир инсанның шахс сыпатында, белгили бир миллет ўәкили сыпатында өзлигин аңлаўы менен, оны сақлап қалыўы менен тиккелей байланыслы. өзликти аңлаў, белгили болғанындай, тарийхый яд пенен үзликсиз байланыслы. Мине усыннан келип шыққан ҳалда халқымыздың «Жети атаңды бил», «Жети атасын билмеген ул жетесиз» киби нәсиятларын есте тутып, өз шежиресин, халық шежиресин билиўге қатарылған, сондай-ақ үлкетаныў характериндеги жумыслар миллий сананы, миллий мақтанышты беккемлеўге, дөретиўшилик орталықты жетилистириўге хызмет етеди деп санаймыз.

Шахстың руўхый тәрбиясында миллий қәдириятларды үйрениў үлкен әмелий әҳмийетке ийе. Ал ҳәр бир халықтың мәдений, руўхый қәдириятлары, потенциалы оның илим-билим, әдеп-икрамлылық тараўларындағы көрнекли ўәкиллериниң искерлиги менен тығыз байланыслы. Жәмийетлик турмыстың белгили бир тараўлары бойынша искерлик көрсетип, миллеттиң, халықтың тәғдири ушын жан күйдирген ойшыллардың, ғайраткерлердиң мийрасларын, өз тараўына қосқан үлеслерин, жетискенликлерин үйрениў, үгит-нәсиятлаў миллеттиң камалатына, жасларды миллий мақтаныш руўхында тәрбиялаўға унамлы тәсирин тийгизеди.

Ҳәзирги күнде жас әўлад өзиниң шахсий мийнетлери, гүреслери арқалы жәмийетте абыройлы статусқа ийе болған адамларды көрсе, еситсе, ол адамлар менен ушырасса, өзлери де руўхый жақтан, интеллектуал жақтан өсиўге умтылады, оларға уқсаўға урынады ҳәм бул арқалы кәмилликке қарай қәдем таслайды. Сонлықтан китапты үйрениў процессинде бундай адамлар менен ушырасыўлар, олардың өмир жолы, искерлиги ҳаққында мағлыўматлар жыйнаў, олар менен өз жолдасларын таныстырыў  оқыўшылардың китаптың мәнис-мазмунын, әҳмийетин аңлаўында унамлы тәсир көрсетеди. Сонын менен катар бундай жумыс оқыўшылар санасына ҳәм қәлбине Президентимиз И.Каримовтың атап көрсеткениндей, «ең уллы мәртлик – бул руўхый мәртлик екенин» сиңдиреди.

Бүгинги күнде жасларымыз барған сайын интернет тармағынан кең пайдаланбақта. Оқытыў барысында буны итибарға алып, китапта сөз етилген машқалалар, әсиресе глобалласыў процесслери, инсан санасы ҳәм қәлби ушын гүрес, Ўөзбекстанның дүнья ҳәмжәмийетине кирип барыўы мәселелери бойынша интернет материалларына тийкарланған шолыўлар таярлатыў да Президент шығармасын үйрениўде саналылык, дөретиўшиликти қәлиплестириўге, раўажландырыўға хызмет етеди.

Соны айтып өтиў керек, Президентимиздиң бул шығармасын үйрениў бойынша оғада көп слайдлар, электрон оқыў-методикалық комплекси жаратылған. Олардан орынлы пайдаланыў мақсетке ерисиўдеги натийжели қадемлерди кепиллейди.

Жуўмақлап айтар болсақ, Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабынын мәнис-мазмунын, әҳмийетин оқыўшылар санасына сиңдириўде оқыўшыларды шаблонлы ойлаў, тек ядлаў, есте сақлаў, баян етиў менен шеклениўден асырап, баян етилген пикир, көз-қарасларды саналы, дөретиўшилик пенен қабыл етиўине ерисиў айрықша маңызға ийе болады.

## 2.2. Шығарманы үйрениў процессинде интерактив усыллардан пайдаланыў

Президент И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» шығармасын үйрениў, онда баян етилген пикир, идея, тәлийматлардын мәнис-мазмунын аңлаң, түсиниў оқыўшыларға жеңил болыўы ушын «Әдепнама». «Ўатан туйғысы», «Миллий ғәрезсизлик идеясы» сабақларында төмендеги интерактив усылларға тийкарланған жумыс түрлеринен пайдаланыўды усыныс етемиз.

1. «Еки бөлекли күнделик» усылындағы жумыслар (оқыўшылар комментарий бөлегине цитатада берилген пикирлерге өз мүнәсебетин билдиреди).

| **Цитата** | **Комментарий** |
|---|---|
| … хәр күни, хәр саатта пидайы болыў, өзин тамшыма-тамшы, зәрреме-зәрре уллы мақсетлерге қарай шаршамай, талықпай тынымсыз бағдарлап барыў, бул пәзийлетти турақлы, күнделикли жумыс өлшемине айландырыў – ҳақыйқый қаҳарманлық ҳаслында мине усы | |

Усылайынша цитата бөлегине Президенттиң басқа да шығармаларынан келтирилген үлгилерди алыўымыз мүмкин. Мысалы:

«Егер биз Ўөзбекстанымызды дүньяға танытпақшы, оның әййемги тарийхы ҳәм жарқын келешегин улығлаў, оны әўладлар ядында мәңгилик сақламақшы болсақ, ең дәслеп уллы жазыўшыларды, уллы шайырларды, уллы дөретиўшилерди тәрбиялаўымыз керек»

«… дүньядағы зорлыққа бейим ҳәм агрессив күшлер қайсы бир халық яки мәмлекетти өзине бас ийдирип бойсындырмақшы, оның байлықларын ийелемекши болса, ең дәслеп, оны қуралсызландырыўға, яғный ең уллы байлығы болған миллий қәдириятлары, тарийхы ҳәм мәнаўиятынан, руўхый байлығынан жуда етиўге урынады. Бунық тастыйығын узақ ҳәм жақын өтмиштеги көп-көп мысаллардан айқын көриў мүмкин. Себеби, ҳәрқандай миллет яки халықтың мәнаўияты оның бүгинги турмысы ҳәм тәғдийрин, өсип киятырған перзентлериниң келешегин белгилеўде ҳеш шубҳасыз шешиўши әҳмийетке ийе болады.

Солай екен, мәнаўиятқа қарсы қаратылған ҳәрқандай қәтер өз-өзинен мәмлекет қәўипсизлигин, оның миллий мәплерин, саламат әўлад келешегин тәмийинлеў жолындағы оғада қәўипли қәтерлердиң бирине айланыўы ҳәм ақыр-ақыбетинде жәмийетти дағдарысқа алып келиўи мүмкин» ҳәм т.б.

2. «Кластер» усылындағы жумыслар. Бунда муғаллим окыўшыларға Президентимиздин шығармаларындағы тийкаргы идеялар, көз-қарасларды улыўмасластыратуғын схемалар дүзиўди тарпсырады. Мысалы, «Руўхыйлык», «Либералластырыў», «Экономикалық реформалар», «Миллий идея», «Өзликти аңлаў». төменде Президент И.А.Каримовтың шығармаларында, баянатларында атап өтилген көз-қараслар, идеяларға тийкарланған «Кәмил инсан» кластерин келтирип өтемиз.




3. «Ақылый ҳүжим» шынығыўлары. Бунда Президент шығармаларының мәнис-мазмунын оқыўшыларға жеткериў барысында олардың еркин пикирлеўин, үйренилип атырған нәрселерге мүнәсебетлерин қәлиплестириў мақсетинде жумыс алып барылады. Акылый ҳүжимге төмендеги сораўлар қойылыўы мүмкин:

а) Президентимиз И.А.Каримовтың «мәнаўият-инсанды руўхый жақтан пәклениўге, жүректен улғайыўға шақыратуғын, адамның ишки дүньясы, ерк-ықрарын беккемлейтуғын, ийман-исенимин пүтинлейтуғын, ҳүжданын оятатуғын теңсиз күш, оның бәрше көз-қарасларының өлшеми» деген сөзлеринен нелерди түсиниўимиз мүмкин?

б) Не ушын ең уллы мәртлик мәнаўий мәртлик?

в) «Интернет – бул үлкен дүкан»

г) «Дүньяда ҳеш кимнен кем болмаған саламат ҳәм бәркамал әўлад».

4. «Инсерт» усылында оқыў, яғный нәтийжели оқыў ҳәм пикирлеў ушын текстти белгилеў шынығыўлары. Бунда текстти белгилеў ущын төмендегилерлен пайладанылады:

(V) – мен билемен дегенди тастыйықлаўшы белги;

(+) – жаңа информация белгиси;

(-) – мениң бѲлгенлериме қарама-қарсы белгиси;

(?) – Бул мени ойландырып қойды, бул бойынша маған қосымша информация керек белгиси

## Жуўмақлаў

Президентимиз И.А.Каримовтың «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабында социаллық илимлер тарийхында биринши рет мәнаўияттың тарийхый прогресс пенен байланыслы төмендеги улыўмалық нызамлылығы тийкарланып берилген: яғный, жәмийет турмысының ҳәр қандай дәўири яки раўажланыўы басқышына мәнаўияттың белгили бир принциплери ҳәм мәнаўий қәдирилтлар системасы сай келеди. егер дәўир өзгерсе, жәмийет өзгеше раўажланыў басқышына өтсе, мәнаўий өлшем ҳәм қәдирилтлар системасы да өзгереди, әсте-ақырын жаңа заманға сай жаңашы система пайда болады. инсаният ҳәм миллет, мәмлекет ҳәм жәмийет бар екен, усы процесс тоқтаўсыз даўам ете береди.

«Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» китабы жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында оқытылып атырған «Руўхыйлық тийкарлары» пәни ушын методологиялық дерек, тийкарғы таяныш болып табылады.

Бүгинги қурамалы идеологиялық процесслерди илимий-әмелий аспекттен ҳәр тәреплеме анализлеў ҳәм баҳалаў, олардың үстинликке ийе бағдарларын, кимге ҳәм неге қарсы қаратылғанлығын анықлаў, халықтың ҳәр қыйлы қатламларына тәсирин үйрениў, миллий мәплеримизге, турмыс тәризимизге жат болған зыянлы идеялар ҳәм идеологиялық топылысдардың мәнис-мазмунын ашып бериў, пухараларымыздың қәлбинде миллий ойлаў ҳәм саламат дүньяқарас тийкарларын беккемлеўде айрықша әҳмийетке ийе болады. Китап бул тараўда да ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимизде әмелге асырылған ислерди жаңаша басқышқа көтериў ушын әҳмийетли илимий-теориялық дерек болыўы сөзсиз.

Китапта ашып берилген ҳәм ортаға қойылған мәселелердиң оғада актуаллығы, бул шығарма жас әўладты Ўатанға муҳаббат руўхында, миллий ҳәм улыўмадамзатлық қәдирилтлар тийкрында тәрбиялаў менен

тиккелей байланыслы екенин есапқа алып, улыўма билим бериўши мектеплердиң жоқары классларында, академиялық лицейлер ҳәм кәсип өнер колледжлеринде ҳәм жоқары оқыў орынларында арнаўлы курс сыпатында оқытылмақта. Буннан тысқары «Әдепнама», «Ўатан туйғысы», «Миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм руўхыйлық тийкарлары» пәнлери де усы китаптың мазмуны сиңдирилген мәмлекетлик билимлендириў стандартлары ҳәм оқыў бағдарламалары тийкарында оқытылып атыр.

## Әдебиятлар


1. Karimov I.A. Yuksak ma:naviyat – yenГilmas kuch. T.: Ma’naviyat, 2008
2. Mamlakatimizda demokratik islohatlarni chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi. O’zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning O”zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining qo’shma majlisidagi ma’ruzasi. //Ma’rifat, 2010-yil, 13-noyabr:, №89
3. Ma’naviy yuksalish yo’lida. T.: Ma’naviyat, 2008
4. Milliy g’oya: nazariy manbalar. T.: Akademiya, 2007
5. G’oyaviy tarbiya. T.: «San’at jurnali», 2008
6. Odobnoma, Vatan tuyg’usi, Milliy istiqlol g’oyasi va ma’naviyat asoslari. Uzviylashtirilgan o’quv dasturlarini joriy etish bo:yicha tavsiya va taqvim-mavzu rejalar. T.: 2010
7. Ibrohimov A., Sultonov X., Jo:raev N. Vatan tuyg’usi T., «O’zbekiston» 1996
8. Erkaev A. Ma’naviyat – millat nishoni T., «Ma’naviyat», 1997
9. Bazarbaev J. Milliy ideya – bizin’ ideyami’z. No:kis, Bilim, 2003
10. Ruwxi’yli’q tiykarlari’. No’kis, Bilim, 2009
11. «Oqi’w ori’nlari’nda do’retiwshilik ortali’qti’ jetilistiriw: problemalar ha’m sheshimler» atamasi’ndag’i’ Respublikali’q ilimiy-a’meliy konferentsiya materiallari’. No:kis, Qaraqalpaqstan, 2009
12. «Joqari’ ma’nawiyat – ba’rkamal a’wlad tiykari’» (I.A.Karimovti’n’ «Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh» atli’ miyneti boyi’nsha) respublikali’q ilimiy-a’meliy konferentsiya materiallari’. No’kis, Qaraqalpaqstan, 2010